**दिन–मंगलवार** **दिनांक–11.02.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

केन्द्रीय गृह मंत्री अमित शाह जनौलनि अछि जे सरकार साइबर अपराध सँ निबटबाक लेल चारि–स्तरीय रणनीति अपना रहल अछि, जाहि मे समन्वय, संचार आओर क्षमता वृद्धि अछि। श्री शाह आइ नव दिल्ली मे साइबर सुरक्षा आओर साइबर अपराध विषय पर गृह मंत्रालयक संसदीय सलाहकार समितिक बैसार के संबोधित कऽ रहल छलाह। ओ साइबर अपराध के रोकबाक लेल जनताक बीच जागरूकता बढेबाक महत्व पर जोर देलनि। श्री शाह समितिक सदस्य सभ सँ हेल्पलाईन नंबर–एक नओ तीन शून्य के बेसी सँ बेसी प्रचारित करेबाक आग्रह कयलनि। गृहमंत्री जनौलनि जे अपराधी सभक खाताक पहिचान लेल कृत्रिम बुद्धिमत्ताक मददि लेबाक प्रयास चलि रहल अछि।

---

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार औरंगाबाद मे मेडिकल कॉलेज अस्पताल बनेबाक घोषणा कयलनि। आइ अपन प्रगति यात्राक बीच श्री कुमार जिला मे स्पोर्ट्स कॉम्प्लेक्स आओर स्टेडियम बनायब सहित कतेको आनो–आन घोषणा कयलनि। एहि सँ पहिने मुख्यमंत्री जिला मे पाँच सय चौवन करोड़ टाकाक लागत वला एक सय पंचानवे विकास परियोजनाक उद्घाटन आओर शिलान्यास कयलनि। ओ अधिकारी सभक संग उच्च स्तरीय समीक्षा बैसक सेहो कयलनि।

---

माघी पूर्णिमा पर प्रयागराज महाकुंभ जायवला श्रद्धालु सभक भारी भीड़क कारण कैमूर मे पछिला दू दिन सँ भीषण जामक समस्या बनल अछि। एनएच–उनैस पर पन्द्रह किलो मीटर सँ

बेसी जाम लागल अछि। ओतहि, बक्सर मे गंगा सेतु पर सेहो दू दिन सँ बेसी नम्हर जाम लागल अछि। गंगा पुल सँ लऽकऽ भोजपी सीमा धरि एनएच–नओ सय बाईस पर चालीस किलोमीटर धरि जाम देखल जा रहल अछि। एम्हर, प्रयागराज जायवला रेलगाड़ी सभ मे सेहो श्रद्धालु सभक भारी भीड़ देखल जा रहल अछि। मधुबनी रेलवे स्टेशन पर नव दिल्ली जायवला स्वतंत्रता सेनानी सुपरफास्ट एक्सप्रेस ट्रेन पर लोकसभ रोड़ा–पाथर फेंकलनि। भेटल जनतबक अनुसार एसी बोगी मे नहि घुसय देल जाय के कारण लोकसभ हल्ला–गुल्ला करैत रोड़ा–पाथर चलौलनि। ई घटना मे कतेको यात्री सभ के चोट लागल छनि। समस्तीपुर रेलवे स्टेशन पर सेहो श्रद्धालु सभक भारी भीड़क कारण किछु काल लेल अफरा–तफरी बनल रहल।

प्रयागराज महाकुंभ मे श्रद्धालु सभक भारी भीड़ के देखैत उत्तर प्रदेश सरकार यातायात व्यवस्था मे कतेको बदलि कयलक अछि। कैमूर भऽकऽ बिहार सँ उत्तर प्रदेश जायवला सभ भारी वाहनक आवा–जाही पर रोक लगा देल गेल अछि। प्रयागराज शहर मे बारह फरवरी धरि वाहनक आवा–जाही पर रोक लगा देल गेल अछि। मेला क्षेत्र मे मात्र प्रशासनिक अधिकारी आओर स्वास्थ्य विभागक गाड़ी के आबय देल जा रहल अछि। श्रद्धालु सभक वाहनक पार्किंगक व्यवस्था शहर सँ बाहर कयल गेल अछि। सभ वी.वी.आई.पी पास रद्द कऽ देल गेल अछि।

———————————————————————

प्रदेश भाजपा अध्यक्ष डॉक्टर दिलीप जायसवाल जनौलनि अछि जे प्रयागराज महाकुंभ मे श्रदालुसभ लेल कयल गेल व्यवस्था अद्वितीय अछि। प्रयागराज मे संवाददाता सभ सँ गपशप मे ओ उत्तर प्रदेशक मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आओर प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी के एहि लेल धन्यवाद देलनि। एम्हर, स्वास्थ्य मंत्री मंगल पांडेय जनौलनि जे प्रयागराज महाकुंभ मे श्रदालुसभ लेल बेसी बढ़िया व्यवस्था कयल गेल अछि।

———————————————————————

भारतीय क्रिकेट टीमक तेज गेंदबाज मुकेशकुमार के हुनक पैतृक जिला गोपालगंज अयला पर भव्य स्वागत कयल गेल। जिलाधिकारी प्रशांत कुमार सीएच हुनक स्वागत कयलनि। बाद मे मुकेश कुमार क्रिकेट के लऽकऽ भेल एक दिवसीय कार्यशाला मे सेहो भाग लेलनि।

———————————————————————————

प्रदेश मे मैट्रिकक परीक्षा सतरह सँ पच्चीस फरवरी धरि होयत। बिहार विद्यालय परीक्षा समितिक अनुसार परीक्षार्थी सभ के परीक्षा शुरू भेला सँ एक घंटा पहिने केन्द्र मे आबय पड़त। समिति स्पष्ट कयलक अछि जे देरी सँ आबयवला या अवैध तरीका सँ परीक्षा केन्द्र मे अयला सँ परीक्षार्थी सभ के दू साल लेल परीक्षा सँ निष्कासित कऽ देल जायत। संगहि, हुनका सभ पर प्राथमिकी सेहो दर्ज कयल जायत। परीक्षा भवन मे जूता—मोजा पहिर कऽ आबय पर सेहो रोक रहत। ध्यातव्य अछि जे मैट्रिक परीक्षा मे पन्द्रह लाख एकासी हजार सँ बेसी परीक्षार्थी सभ परीक्षा देताह।

———————————————————————————

पछिया हवाक असरि कम भेला सँ प्रदेशक बेसी क्षेत्रक तापमान बढ़ि गेल अछि। मौसम विभाग जनौलक अछि जे अगिला चौबीस घंटाक बीच न्यूनतम तापमान एक सँ तीन डिग्री सेल्सियस धरि आओरो बढ़ि सकैत अछि। एकर बाद, अगिला अड़तालीस घंटाक बीच तापमान तीन सँ चारि डिग्री सेल्सियस कमि सकैत अछि। एम्हर, पछिला चौबीस घंटाक बीच आठ दशमलव आठ डिग्री सेल्सियस न्यूनतम तापमानक संग बांका राज्यक सभ सँ बेसी ठंढा स्थान रहल।

———————————————————————————

समाप्त